CHAPIT 8 SEMÈN ZOUTI

Leson 8.5 Zouti pou mezire longè

Konsiy

Itilize règ yo sou paj sa a pou mezire chak bagay. Konbyen santimèt yo ye ?





Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dote TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Si w te manke yon leson, mwen ekri aktivite ki ale ak chak leson pou ou.

CHAPIT 8 SEMÈN ZOUTI

Leson 8.1 *Manno ak Youko*

Lendi

Mande timoun ou koute istwa *Manno ak Youko*. Mande pitit ou imajine li gen yon bwat zouti devan li. Di non kèk bagay li ka mete nan bwat zouti ki ka ede repare afè li. Si li tande w di non yon bagay ki ta ka ede li, mande l fè jès ranmase li, montre li, epi depoze li nan bwa zouti a. Site bagay sa yo : sizo, fisèl, lakòl, pens, gan, kreyon, fil fè, mato, markè, tep. Mande l panse a tout bagay li ta ka ranje avèk materyo ak zouti sa yo.

Leson 8.2 Zouti

Madi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou ekri mo zip sou papye li a. Si li pa ka ekri l pou kò l, ou kapab ede l. Kòm tit, mande li ekri Zouti. Mande li fè desen yon rad ki gen yon zip sou papye li a.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Leson 8.3 Zouti nan diferan metye
Mèkredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou ekri sa li ta renmen fè lè li gran sou papye a. Lè li fini, mande li reflechi epi fè desen tout zouti li panse l ap gen pou l itilize lè l ap pratike metye sa a.

Leson 8.4 Silab nan zouti
Jedi

Materyèl : Kreyon, fèy papye, règ

Mande timoun ou fè yon ti mache anndan kay la pou idantifye zouti ki genyen nan kay la. Ede li konte konbyen silab ki gen nan non zouti yo.

Leson 8.5 Zouti pou mezire longè
Vandredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye, règ, fil

Mande timoun ou pran yon règ, papye a, ak yon kreyon. Di li mete yon men plat sou papye a epi fè kontou men an pou trase tout dwèt yo ak pla men an tou. Apre sa, mezire longè chak dwèt ak règ la. Mande timoun ou konpare longè dwèt yo. Si nou pa gen règ pou mezire, mezire ak fil. Mande li ki fil ki pi long.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.